Kumuka kwaJesu

Jesu akati kwaari, “Ndini kumuka noupenyu. Uyo anotenda kwandiri achararama, kunyange dai kafa.”
JOHANI 11:25

Kumuka kwaJesu

Jesu akati kwaari, “Ndini kumuka noupenyu. Uyo anotenda kwandiri achararama, kunyange dai kafa.”
JOHANI 11:25

MATEO 28:1-10 - *Kumuka kwaJesu*

28:1 Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi
wokutanga wevhiki, Maria Magadharena nomumwe
Maria vakaenda kundoona guva.
2Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti
mutumwa waShe akabva kudenga akaenda paguva
akasvikokungurutsa ibwe riya akagara pamusoro paro.
3Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye
nguo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4Varindi
vakamutya kwazvo
zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti
ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa
pamuchinjikwa. 6Haapo pano; amuka sokutaura
kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete.
7Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake
kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira
kuGarirea. Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva
vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya
kundoudza vadzidzi vake. 9Pakarepo Jesu akasangana
navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka
dzake uye vakamunamata. 10Ipapo Jesu akati kwavari,
“Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende
kuGarirea; ikoko ndiko kwavachanondiona.”

MATEO 28:1-10 - *Kumuka kwaJesu*

28:1 Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi
wokutanga wevhiki, Maria Magadharena nomumwe
Maria vakaenda kundoona guva.
2Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti
mutumwa waShe akabva kudenga akaenda paguva
akasvikokungurutsa ibwe riya akagara pamusoro paro.
3Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye
nguo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4Varindi
vakamutya kwazvo
zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti
ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa
pamuchinjikwa. 6Haapo pano; amuka sokutaura
kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete.
7Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake
kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira
kuGarirea. Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva
vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya
kundoudza vadzidzi vake. 9Pakarepo Jesu akasangana
navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka
dzake uye vakamunamata. 10Ipapo Jesu akati kwavari,
“Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende
kuGarirea; ikoko ndiko kwavachanondiona.”

40-68 Jesus is Alive Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona